



ETA
KONTE A
AN
2015





MESAJ MAJISTRA

Chè Rezidan Konte Miami Dade:

Konte Miami-Dade ap rebran kap. Apre plizyè peryòd bidjetè difisil, apre yon latriye lòt defi, nou resi sou bon wout.

Lè mwen te fèk monte en jen 2011, nivo chomaj nan Konte a se te 12,4 pousan. Jodi a, li a 6,7 pousan epi li kontinye ap desann toujou. Malgre se pa gouvènman an ki kreye pifò djòb nan Konte a, se li ki mete an plas kondisyon pou djòb sa yo egziste, grasa taks imobilye ki ba epitou grasa transfòmasyon manyè nou bay sèvis.

Rezilta apwòch nou an klè: Konte Miami-Dade pran devan tout lòt konte Laflorid nan zafè kreyasyon djòb nan sektè prive. Nan dènye kat ane yo, te gen 112.000 djòb ki te kreye nan sektè prive Konte nou an. Anplis de sa, ane sa a, 39 konpayi te deplase vin Miami-Dade oswa te agrandi biznis lokal yo. Sa te lakòz \$536 milyon dola envèstiman kapital, san konte 2.000 djòb anplis ki te kreye. Anpil nan djòb sa yo te gen pou wè ak teknoloji. Poutèt sektè sa a ap devlope, epitou poutèt Konferans « e-Merge Americas » Konte a te sponsorize pou premye fwa, yo te rekonèt Miami kòm youn nan pi gwo espas teknolojik peyi a. Konpayi global, tankou Microsoft ak IBM fè anpil aktivite tou nan kominote nou an. « Code for America », yon òganizasyon ki pa-pou-pwofi epi ki espesyalize nan amelyore teknoloji sivik, te chwazi Konte Miami-Dade kòm premye gouvènman minisipal Laflorid pou patisipe nan pwogram bous li a.

Administrasyon mwen an te travay pou asire ke rezidan Miami-Dade yo nan premye ran pou djòb kap kreye isit la. Sektè prive an pa ta dwe enpòte travayè ki sòti andeyò kominote nou an. Nou gen talan isit la menm; nou va fòme ak edike rezidan nou yo grasa « Employ Miami-Dade », yon inisyativ nou te lanse an desann. « Employ Miami-Dade » met ansanm tout resous federal, resous leta ak resous konte a pou fòme ak edike rezidan k ap chache travay nan zòn ki afekte yo. Miami-Dade deja wè rezilta pozitif. Rezidan yo enskri nan pwogram fòmasyon nou yo; yo gradye epi resevwa asistans pou jwenn travay. Nou gen plis travay ankò ki pou fèt, men mwen sèten anplwaye Miami-Dade yo pwal jwenn siksè.

Kwasans ekonomik vin lakòz tou yon meyè pèspektiv fiskal pou Konte Miami-Dade. Nou te rive bouche yon twou \$208 milyon dola san nou pat bezwen revoke polisye oswa lòt anplwaye ki ofri sèvis esansyèl. Previzyon bidjè nou, sou senkan, balanse san li pa repoze sou revni, epi administrasyon mwen an te siyen yon nouvo agreman twazan sou zafè travay ak senk inite negosyasyon. Agreman sa yo te gen ladan yon nouvel konsepsyon pou plan swen sante nou an; nou atann nou aske nouvel konsepsyon sa a debouche sou yon ekonomi \$26 milyon dola pou ane fiskal kap vini an.

Okou karyè mwen nan sèvis piblik, keseswa kòm Majistra Konte, Administratè Vil Miami oswa Chèf Ponpye, mwen toujou bay sekirite piblik pi gwo priyorite. Pou fasilite travay Depatman Polis Konte Miami-Dade epi tabli plis konfyans ant kominote nou ak ofisye yo, bidjè mwen pou ane fiskal 2014-2015 la enkli 500 kamera pou ofisye nou yo met sou yo. Pi devan, tout ofisye patwouy nou yo va itilize teknoloji sa a.

Ofiyamezi Konte nou an ap grandi, li enpòtan anpil pou amelyore enfrastrikti piblik nou yo. Ane ki sot pase a, nou te louvri tinèl san peyaj PortMiami ki konekte pò kwazyè ki gen plis aktivite nan lemond ansanm ak wout pwensipal; tinèl sa a tounen wout apeprè 14.000 chofè pito pran chak jou. Ayewopò Entènasyonal Miami ap kontinye modènize paske lap kontinye vin pi gran. Reyabilitasyon ak ekspansyon pon Bear Cut ak sistèm transpò piblik nou an montre angajman nou pran pou kreye yon enfrastrikti dènye kri. Renovasyon sa yo, ansanm ak pwojè nap travay so yo, nan Konte Miami-Dade ban nou opòtinite pou bay rezidan nou yo travay, epitou pou gen mwens anbouteyaj sou wout nou.

Pou rezon sa a epi anpil lòt ankò, mwen konnen Konte Miami-Dade rebran kap. Nou te drible tanpèt fiskal la epi nou sòti pi fò paske nou te travay ansanm.

Administrasyon mwen an pwal kontinye mete priyorite sou sèvis li pote bay rezidan nou yo. Se sa mwen pwomèt nou. Ak tèt kole, gouvènman ou an, rezidan nou yo, ansanm ak sektè prive an, pwal kontinye transfòme Konte Miami-Dade pou l tounen yon kominote klas mondyal.

Sensèman,

Carlos A. Gimenez, Majistra





DEVLÒPMAN EKONOMIK

Grasa avantaj kap atire osibyen biznis ki byen etabli ak antreprenè nan kominote nou an, vin gen plis djòb nan Konte Miami-Dade, epi kantite djòb sa yo monte rapid. Nouvo biznis pran anpil fil grasa jan nou investi nan enfrastrikti ak teknoloji osen kominote a. Mete tèt ak òganizasyon prive epitou ak òganizasyon ki pa-pou-pwofi yo ap ede nou devlope fòs travay denmen an epi kreye djòb ki non sèlman byen peye, men ki pou bay rezidan Konte a pi bon opòtinite ekonomik. Tout tandans sa yo ap ede Konte a vin pran yon plas pi solid nan ekonomi Mondyal la.



- Nan tèt ansanm ak « CareerSource South Florida », epitou ak « Neighbors and Neighbors Association », Majistra Carlos A. Gimenez te lanse « Employ Miami-Dade », yon nouvo inisyativ ki panche l sou pwoblèm povrete ak chomaj ; li bay fòmasyon ak opòtinite pou travay nan zòn ki gen yon gwo pousantaj krim ak chomaj. Endistri bati-kay la gen pou l kontinye pran fòs nan dizan k ap vino yo, ki fè moun ki gradye nan pwogram sa a pral pami premye moun kap jwenn opòtinite pou travay nan domèn sa a.
- Konte Miami-Dade te akeyi Somè Majistra yo nan premye Konferans « e-Merge Americas », kote plis pase 6.000 konpayi ki deja kanpe djanm ak konpayi ki fèk ap parèt nan domèn teknoloji te echanje ide ak vizyon alapwent pou devlope endistri teknoloji nan kominote nou an. Apre konferans sa a, Microsoft te lanse premye Sant Inovasyon li Ozetazini, nan Konte Miami-Dade, pou ka vin gen plis djòb wot teknoloji epi pou fasilite kolaborasyon ant divès endistri.
- Pou li kontinye pote plis opòtinite ekonomik bay ti biznis epi ankouraje vandè ki konpetitif ak divès, Konte a te bay ti biznis yo plis pase \$103 milyon dola, oswa 26 pousan tout kontra bati-kay yo, plis pase \$43 milyon dola, oswa 27 pousan tout kontra architèk ak enjenyè yo, epi plis pase 26 milyon dola, oswa 2.3 pousan kontra machandiz ak sèvis atravè « set-asides » ak objektif ti biznis.

- Grasa Program « Miscellaneous Construction Contract », nou te bay antreprenè ki sètifye kòm konpayi « Community Small Business Enterprise » plis pase 600 demann pou pri, rive jiska \$121 milyon dola.
- Konte a te bay 235 kontra, ki te gen yon valè depase \$643 milyon dola pou jwenn machandiz ak sèvis.
- « Miami-Dade Economic Advocacy Trust » the lanse yon pwogram djòb dete ki te ede elèv-volontè pwogram « Teen Court » li a jwenn travay; djòb sa yo se te avèk anplwayè lokal ki pou te ede pwofesyonèl landemen sa yo pran kontak avèk moun ki nan domèn yo epi jwenn eksperyans nan travay la.
- Depatman Dlo Potab ak Egou te bay 14 kontra enjenyè ak bati-kay, pou yon valè apeprè \$419 milyon dola, nan kad Plan pou Amelyorasyon Kapital (CIP) ke yo te evalye a \$13.5 milya dola. CIP, ki se pi gwo nan istwa Konte a, pwal pèmèt restorasyon plizyè milye kilomèt tiyo, estasyon ponp, izin tretman dlo ki bay bon jan kalite dlo pou bwè, epi sèvis dlo ize. Anplis de sa, pwojè sa a ap kreye anviwon 16.470 nouvo djòb sou dis pwochen ane yo ; l ap amelyore fyabilite ak dirabilite sistèm dlo ak egou, epi l ap pote apeprè \$24.9 milya dola pou pwodiksyon ekonomik.
- LAN Cargo, S.A. te dakò pou konstwi premye enstalasyon antretyen li Ozetazini nan MIA. Nou atann aske pwojè sa a, kap koute \$23.9 milyon dola, kreye plis pase 300 djòb nan senk premye ane yo.

- Sèvis kago nan PortMiami fè yon gwo pa devan tou. Gwoup CMA CGM, pi gwo konpayi transpò pa kontenè nan lemond, ofri sèvis Amerigo chak semèn; sa kreye nouvo opòtinite pou gen komès ant Konte Miami-Dade ak peyi Meksik. Anplis de sa, Seaboard Marine, Crowley Maritime ak King Ocean Services pran angajman pou yo sèvi ak yon menm veso pou ogmante sèvis chak semèn sòti Miami pou rive Costa Rica ak Panama.
- PortMiami, ki se Kapital Mondyal pou Kwazyè, bat yon lòt rekò mondyal: li akeyi plis pase 4.8 milyon pasaje sou plizyè jou, sa ki ranfòse wòl li kòm katye jeneral global pou tout gwo liy kwazyè epi destinasyon depa de chwa pou kwazyè.
- Travay ap kontinye fèt nan kad pwojè Deep Dredge, ki alè epi ki ta dwe konplete an ete 2015. Yon fwa li fini, Pò a pral youn nan sèlman twa pò Atlantik Etazini ki se kè kokennchenn bato ki an mezi aksede Kanal Panama yap fin devlope an 2016. Meyè kapasite sa a pwal pèmèt PortMiami akomode pi gwo bato e rete konpetitif sou mache mondyal la.
- Zòn Komès Etranje (FTZ) 281 te fè yon gwo pa an 2014, lè li te ofri 3 milyon pye kare pou antrepo ak lojistik espas nan 27 kote yo te apwouve. FTZs pèmèt biznis vin pi konpetitif lè li pèmèt yo sere lajan nan zòn nan: biznis yo resevwa, antrepoze epi re-ekspòte pwodwi san yo pa peye taks.
- Ayewopò Entènasyonal Miami te bat yon nouvo rekò pou transpò pasaje an 2014, ak 40.9 milyon pasaje, yon ogmantasyon apeprè 400.000 parapò a 2013. Sa se senkyèm lane konsekitif

- kote ayewopò a bat rekò. MIA bat rekò tou nan zafè kago an 2014 ak 2,2 milyon tòn machandiz nan èpòt la, parapò a 55.000 tòn an 2013, avèk yon kwasans sou plizyè ane konsekitif.
- Kantite transpòte nan Ayewopò Entènasyonal Miami (MIA) te rive 100 — pi gwo chif pou tout èpòt Etazini — lè yo te ajoute wit (8) nouvo konpayi aeryèn sou lis èpòt la. Ansanm, yo atann aske nouvo konpayi aeryèn sa yo vin bay, dirèkteman oswa endirèkteman, \$834 milyon dola revni epi plis pase 6.800 djòb pa ane nan Konte Miami-Dade.
- MIA te ajoute tou wit (8) nouvo wout entènasyonal pou elaji rezo global li a. Li lanse sèvis pou: Doha, Qatar; Munich, Almay; Èlzinki, Finlann; vil Belem, Fortaleza ak Viracopos, Brezil; Briksèl, Bèljik; epi Okap, Ayiti.
- Plis pase 900 pwodiksyon fim, foto ak medya dijital te pote \$180 milyon dola nan ekonomi lokal la, sa ki te kreye plis pase 15.000 djòb. Aktivite sa a te fè gen plis pase 35.000 rezèvasyon chanm otèl ki te fèt.



CIP ap kreye anviwon 16.470 nouvo djòb sou dis pwochen ane yo; l ap amelyore fyabilite ak dirabilite sistèm dlo ak egou, epi l ap pote apeprè \$24.9 milya dola pou pwodiksyon ekonomik.



SEKIRITE PIBLIK

Yo rekonèt depatman sekirite piblik nou yo pami pi bon nan nasyon an; li resevwa plizyè gwo pri onivo lokal epitou onivo nasyonal. Sèvis Repons yo travay lajounen kou lannwit pou katye nou yo, kannal nou yo, ak zòn sansib nou yo an sekirite. Yo aplike teknoloji dènnye kri epi pran angajman pou kontinye pote sekirite bay kominote ak minisipalite kote moun rete nan Konte Miami-Dade.



- Majistra a, grasa soutyen Vilaj Key Biscayne nan, te kreye « Boating Under the Influence Task Force », yon gwoup ajans lokal, leta ak federal, ki pou ranfòse lalwa. Manb fòs la pataje resous epi travay ansanm pou ranfòse lwa maritim ; yo adopte yon politik zewo tolerans anvè moun kap kondui bato pandan yo sou.
- Depatman Koreksyon ak Reyabilitasyon Miami-Dade (MDCR) te gradye 14 ofisyè ; Depatman Polis Miami-Dade (MDPD) te gradye 91 nouvo rekri nan « Basic Law Enforcement »; epi Depatman Ponpye ak Sekou Miami-Dade (MDFR) te gradye 40 nouvo ponpye. Moun brav sa yo, fanm kou gason, se premye liy defans kominote a pou pwoteksyon lavi, sante ak propriyete.
- Depatman Lajistis Lèzetazini ansanm ak depite Frederica Wilson te bay Miami-Dade \$1 milyon dola pou finanse Projè PEACE, yon pwogram ki pou redui krim vyolan jèn delenkan komèt, epi amelyore jan yo kowòdone epi ofri sèvis pou prevansyon krim nan Distri Northside a. Sa te ale men nan lamèn avèk rekòmandasyon Majistra a te fè nan kad «Joint Roundtable on Youth Safety » (Tèt Ansanm pou Sekirite Jèn yo).
- MDRF te deplwaye kat (4) nouvo machin Ponpye ak Sekou pou Avyon (ARFF) dènnye kri, nan MIA, epi kamyon « Foam 24 » ARFF te antre an sèvis nan Estasyon Ponpye Ayewopò Kendall-Tamiami. Inite sa yo fè èpòt la pi an mezi pou li jere ka ijans.
- Anplwaye MDRF te deplase apeprè 400.000 fwa pou plis pase 242.000 ka ijans; pami ka sa yo, 204.000 se te ka medikal. Yo te transpòte plis pase 80.000 rezidan ak vizitè nan lopital Sid Florid.

- MDRF reponn a plis pase 23.000 apèl pou ensandi epi 15.000 apèl ki pat gen rapò ak dife.
- An 2014, inite MDPD yo te deplase 843.816 fwa epi te reponn a 48.335 apèl ijans. Sant Anvwa 911 te remake yon ogmantasyon 8 pousan sou kantite apèl yo resevwa, pou yon total 2.33 milyon apèl.
- Divizyon «Prevansyon ak Entèvansyon nan zafè Vyolans» Depatman Aksyon Kominotè ak Byennèt Sosyal (CAHSD) te kreye «Human Trafficking Coalition» (Kowalisyon Trafik Moun) nan Konte Miami-Dade. Se yon kowalisyon 40 diferan ajans ki kowòdone aktivite edikasyon ak sansibilizasyon, epi akeyi rankont pou kowòdone sèvis manb li yo ofri.
- Estasyon Polis Distri Northside la, Roslyn McGruder Clark, te ouvri pòt li, epi aparans lokal la te reflekte prensip kominotè polisye yo, ki met chapo ba pou moun estasyon an gen non li a. Estasyon an gen espas lib pou reyinyon piblik ki pou bay yon santiman transparans ak onètete, yon sal reyinyon kominotè pou reyinyon meri a, epi biwo pou pwogram aktivite piblik.
- Biwo Homeland Security MDPD a te devlope yon aplikasyon mobil ki pral pèmèt entèraksyon ak Depatman an. Lè li fin enpleman, rezidan yo pral kapab rapòte krim, voye tèks mesaj ak foto bay lapolis, rapòte aktivite sispèk, fè rapò ki pa ijans, epi pi plis. Aplikasyon an gen dwa vin an mezi deplwaye twa milya pè je anplis pou ede batay kont krim.

- Depatman Sèvis Enfraksyon Jivenil (JSD) te resevwa « National Association of Counties Achievement » (NACo) pou ane 2014 pou yon pwogram inovan li te kreye nan Miami-Dade: Pwogram Altènatif Detansyon Timoun (« Juvenile Detention Alternative Program» oswa MDJDA). MDJDA se yon kolaborasyon san rete ak « Biwo Jistis pou Timoun ak Prevansyon Delenkans » Depatman Jistis Lèzetazini, epitou pati entere lokal nan zafè jistis pou timoun ; li redwi kantite timoun yo arete pou zak ki pa vyolan epitou kou ki asosye ak anprizònman.
- MDCR ouvri Sant Tretman Sante Mantal (« Mental Health Treatment Center » oswa MHTC) ki nan Sant Koreksyon Turner Guildford Knight. MHTC ofri yon anviwònman ki pi an sekirite epi ki pi terapeetik pou prizonye ki pi fèb yo. Tranzisyon pou al nan MHTC te fèt selon yon apwòch etap-pa-etap : prizonye ki gen pwoblem sante mantal te kòmanse travèse al MHTC an desanm 2014.
- Biwo Santral MDCR te resevwa akreditasyon ankò nan men Biwo Santral Asosyasyon Prizon Ameriken (« American Correctional Association Central Office »).
- MDPD te sezi epi te genyen pwosè an rapò a plis pase \$2 milyon kapital li te sezi. Lwa sou Konfiskasyon Kontrebann Laflorid (« Florida Contraband Forfeiture Act ») pèmèt pou lajan sa a ale nan Fon Jidisyè Polisye MDPD.

- Depatman Medsen Lejis (ME) te resevwa Bous pou Pwogrè Lasyans Medikolegal Paul Coverdell («Forensic Science Improvement Grant ») ME pral sèvi ak lajan sa a pou l achte yon aparèy ki pèmèt li bay sèvis pi rapid.
- Atravè Bous Èd pou Ponpye a (« Assistance to Firefighter Grant »), MDRF te distribye 3.500 ekstenfè dife ; li te enstale 5.000 alam pou lafimen dife, epi li te fè enspèksyon pou sekirite kay ti granmoun ak fanmi ki nan bezwen nan Liberty City, Opa-locka, Homestead ak Florida City.
- JSD te fè yon sondaj pou wè si sèvis li te founi yo te de kalite. Rezilta yo te revele ke 96 pousan fanmi ki se kliyan te rapòte sèvis yo itil epi 94 pousan paran te wè yon chanjman pozitif nan konpòtman pitit yo aprè yo te patisipe nan yon pwogram JSD.
- Biwo Jesyon Ijans MDRF (« Office of Emergency Management ») te gen premye Atelye pou Planifikasyon Tout Kominote a (« Whole Community Planning Workshop »), pou tout moun ansanm te ka amelyore plan ak pwogram kont dezast nan Konte a. Atelye sou de (2) jou sa a te rasanble rezidan Konte Miami-Dade ansanm ak ofisyèl lokal, leta ak federal, osi byen biznis prive ak òganizasyon ki baze sou lafwa.



Depatman Lajistis Lèzetazini, ansanm ak Depite Frederica Wilson te bay Miami-Dade \$1 milyon dola pou... redui krim vyolan jèn delenkan komèt, epi amelyore jan yo kowòdone... sèvis pou prevansyon krim nan Distri Northside a.



SANTE AK BYENNÈT SOSYAL

Sèvis Sante ak Byennèt Sosyal ki disponib pou rezidan Konte Miami-Dade fè pati pi bon bagay nan peyi a. Depatman tankou Aksyon Kominotè ak Byennèt Sosyal, Lojman Piblik ak Devlopman Kominotè, ansanm ak Fon pou San Abri, konekte rezidan yo ak pwofesyonèl nan domèn sèvis sosyal ak lasante k ap ede kominote ki pi nan bezwen. Jefò yo pami jefò ki pi enpòtan pou nou konstwi kominote ki an sante epi ki solid.



- Depatman Lojman Piblik ak Devlopman Kominotè (PHCD) ap kontinye bay nouvo lojman piblik ki pa chè epi ke moun bezwen. Lè sektè prive ak sektè piblik travay men nan lamèn, sa pèmèt jwenn solisyon ki pa koute twò chè pou rezidan k ap chèche lojman ki pa chè. An 2014, PHCD te achte apatman Collins Parcs yo, yon batiman prive ki gen 124 inite pou lojman, epi li te transfòme l an lojman piblik. Estaf la te travay ansanm ak Depatman Lojman ak Devlopman Iben Ozetazini (HUD), ak yon promotè imobilye lokal pou reyalize konvèsyon an epi respekte nòm HUD yo.
- Liy dapèl Fon pou San Abri a te resevwa plis pase 70.000 apèl, sa ki reprezante yon ogmantasyon 24 pousan nan kantite moun ak fanmi k ap rele liy nan pou resevwa asistans.
- PHCD ak Fon pou San Abri an te met plis tèt ansanm pou enpleman epi administre Program Asistans pou San Abri ki rele «Continuum of CARE» epi ki resevwa lajan nan men HUD; pwogram sa a bay san abri yo lajan pou yo lwe kay epi lòt sèvis pou ede yo. Konte Miami-Dade te resevwa anviwon \$30 milyon dola pou fasilite lojman tranzisyonèl ak pèmanan pou plis pase 8.000 rezidan san abri.
- PHCD ak CareerSource South Florida te kolabore pou etabli yon Sant pou Retounen Travay (« Re-Employment Center ») nan bilding lojman piblik Edison Courts. Sant sa a ap sèvi kòm yon kote santral pou rezidan lojman piblik yo, ak kominote anviwonantal la, pou resevwa fòmasyon ak preparasyon pou

- travay; nan kote sa a yap prezante atelye, evalyasyon pou travay epi sèvis plasman nan travay.
- Plis veteran va gen aksè a lojman ki pa chè kòm rezilta alokasyon 34 bon anplis « HUD Veteran Affairs Supportive Housing Choice », sa ki va fè nonm total bon yo rive 204. Anplis de sa, plis pase 1.600 Veteran ak depandan yo te resevwa asistans pou ranpli epi voye reklamasyon bay Administrasyon Veteran.
- An 2014, yo te bay yon bous \$216.000 dola ki rele «Family Self-Sufficiency Program Coordinator Grant » pou ede patisipan k ap resevwa bon pou kay Seksyon 8 vin pi endepandan, pou yo mande mwens asistans sosyal ak/oswa asistans pou lwaye.
- Pwogram « Asistans Mèt kay » Economic Advocacy Trust nan Miami-Dade te bay 348 moun lajan pou achte kay pou premye fwa nan Konte a, pou ede yo bay depo sou kay la epi peye premye kou acha a.
- Depatman Aksyon Kominotè ak Byennèt Sosyal (CAHSD) te louvri Sant « Head Start » Lillie Mudumbai Williams ki te koute \$9.5 milyon dola ; sant sa a bay sèvis devlopman konplè pou timoun ki sòti nan fanmi ki pa gen anpil lajan, epi kapab resevwa 80 timoun klas matènèl epi 16 timoun ki pi gran. Sant la resevwa sètifika nan men « Leadership in Energy and Environmental Design » (LEED) ; bildin li entegre dènye pwogrè ki genyen nan teknoloji sou efikasite enèji.

- Pwogram « Head Start » enpleman yon kourikoulòm Syans, Teknoloji, Enjenyeri ak Matematik (STEM), ke yo finanse grasa W. K. Kellogg fondasyon, nan plizyè lokal, atravè yon asosyasyon avèk « Patricia and Filip Frost Museum of Science ». Avèk kourikoulòm STEM sa a, pwogram « Head Start » ap prepare fiti syantis, enjenyè, ak espesyalis konpitè.
- Greater Miami Service Corps te lanse « Service Works », pi gwo inisyativ pou jèn moun nan peyi a, grasa sipò Citi Foundation, Points of Light, avèk Corporation for National and Community Service. Pwojè sa a pote sèvis lidèchip bay 400 jenn nan kominote nou.
- Teen Court te elaji tribinal elèv li sou 15 lekòl segondè piblik, kote li ofri Student Court. Foròm sa a bay elèv ki vyole règleman lekòl yon altènativ ki pa sispansyon.
- JSD te lanse « Trends for Success Boutique », ke Komisyon Lajènès te kreye nan Konte Miami-Dade. Boutik sa a bay kliyan rad biznis gratis pou y al nan entèvyou. Objektif li se pou ede kliyan « abiye kòm sadwa » epi mete tèt ansanm avèk patnè nan kominote a pou moun vin aprann sa yo bezwen pou jwenn djòb epi kenbe djòb sa yo.

- Yo te sèvi plis pase 297.000 plat manje bay ti granmoun nan 22 kote nan Konte a. Yo te sèvi yon total 423.309 plat manje bay kliyan ki aje epi gen gwo risk fè malnitrisyon.
- Apeprè 10.000 rezidan ki pa gen anpil lajan epi kap viv avèk HIV ak SIDA te jwenn aksè a swen medikal ak sèvis sipò grasa yon don federal ki te totalize apeprè \$26.2 milyon dola.
- Troops for Fitness ankouraje granmoun tout laj fè aktivite fizik ki pou amelyore sante yo epi fè vwazen vin konn youn lòt; se veteran militè li angaje pou sa.
- Plis pase 1.600 veteran ak fanmi yo te resevwa asistans pou ranpli fòm reklamasyon bay Adiministrasyon Federal Veteran. Anplis de sa, apeprè 300 veteran san abri te jwenn lojman pwovizwa.
- Yo te bay plis pase 5.200 moun tretman kont abi sibstans ki te apwopriye pou diferan gwoup kiltirèl ak lengwistik, ansanm ak sèvis entèvansyon atravè plizyè pwogram tretman.



Yo te sèvi plis pase 297.000 plat manje bay ti granmoun nan 22 kote nan Konte a.



SÈVIS KATYE

Pou nou toujou rete yon kote fanmi ak biznis kontinye rele « lakay », Konte Miami-Dade dwe kontinye devlope kominote a nan zafè sèvis minisipal, bèl kote, epi aktivite sosyal, epitou kontinye jere resous natirèl nou kòm sadwa. Lè nou debrouye nou pou amelyore eleman esansyèl sa yo, ki alabaz yon kominote djanm, nou amelyore pèfòmans katye nou yo, ansanm ak kalite devi rezidan nou yo. Avèk sa nan lide, Konte a ap travay byen pou li fè pwogrè tanjib nan fason li pote sèvis esansyèl san pwoblèm, takou antretyen wout ak kontwòl marengwen, osibyen veye pou dlo nou kontinye respekte, e menm depase, tout nòm federal, leta ak lokal nan zafè dlo moun bwè.



- Nan mwa avril 2014, Tribinal Distrik Ameriken te aprouve yon agreman ki di sistèm degou Konte Miami-Dade dwe respekte Lwa sou Dlo Potab. Agreman sa a gen yon pwogram travay sou 15 lane pou pran ka enfrastrikti ki la lontan atravè sistèm nou an. Pwojè sa yo endispansab pou vyabilite ekonomi nou ki kontinye ap grandi, epi yo enpòtan pou asire sante piblik ak pwoteksyon anviwònman an.

- Yo te kòmanse konstriksyon sou nouvo pwopriyete 70.000 pye kare Depatman Sèvis Zannimo (ASD), sa ki pwal plis pase doub tay ebèjman ki ekziste deja a. Nouvo lokal la pwal gen nich byen laj ki klimatize; priyorite li se va adopsyon zannimo yo, epi lap bay plis sèvis pou kastrasyon.

- HOPE Express, ki se premye machin mobil pou adopsyon zannimo nan Konte Miami-Dade, epi premye machin nan eta Laflorid tou, te kòmanse mache nan mwa Jiyè. Li te kontribye a yon ogmantasyon 150 pousan nan kantite evènman ki an rapò a machin mobil pou adopsyon zannimo. ASD vin sove preske 82 pousan chen ak chat — e sa se dezyèm to sovtaj ki pi wo nan eta Laflorid.

- MDCR ak ASD te mete sou pye yon pwogram ki rele « Second Chance Dog Training » pou fòme prizonye kap patisipe yo, pou yo ka jwenn travay, epitou modifiye konpòtman zannimo yo pou yo gen plis chans pou moun adopte yo. Lè yo fini pwogram 8 semèn sa a, prizonye yo ak chen yo resevwa yon sètifika fòmasyon nan men American Kennel Club ki rele « Canine Good Citizen ».

- Depatman Pak, Rekreyasyon ak Espas Lib nan Konte Miami-Dade met ansanm avèk IBM ak Honeywell pou enpleman sèten mezi pou redwi kantite dlo ak elektrisite yo itilize nan 34 pak. Depatman an enpleman yon plan pou konsève dlo ak enèji, k ap pèmèt li sere \$1.8 milyon sou pwochen twa ak senk ane kap vini yo, epitou k ap gen sèten avantaj pou anviwònman an, sitou nan zafè rediksyon gaz ki sòti nan sè.

- Depatman Dlo Potab ak Egou (WASD) ak Dream in Green, patnè li ki pa-pou-pwofi, te resevwa yon don \$216,000 dola nan men Ajans pou Pwoteksyon Anviwònman Lèzetazini pou enpleman Aprantisaj ak Konpòtan sou Dlo (« Water and Agency Learning and Behavior » oswa WE-LAB). Priyorite WE-LAB se bay edikasyon anviwònmanal pètinan dijans sou rapò dlo-enèji a, grasa atelye, lesan nan saldeklas, fowòm kominotè sou Entènèt, epi zouti entèaktif.

- Depi lane 2003, Konte a resevwa yon trè bon evalyasyon nan men Sistèm Evalyasyon Kominotè (Community Rating System) Ajans Federal Jesyon Ijans (Federal Emergency Management Agency) poutèt efò nou toujou fè pou nou amelyore epi mentni sistèm kontwòl dlo ak inondasyon lè gen tanpèt. Kòm rezilta evalyasyon sa a, rezidan Konte Miami-Dade jwenn 10 a 15 pousan rabè sou to asirans inondasyon yo— yo sere plis pase \$21 milyon dola sou prim asirans inondasyon pou rezidan Konte a.

- An 2014, Divizyon « Tretman ak Distribisyon Dlo » WASD te kontwòle 8.027 mil tiyo dlo pou wè si pa gen fuit ; li te repare 2.042 fwit ak pati ki te kase nan sistèm distribisyon dlo a ; li te chase 1.032 sektè dlo ; repare 2.584 bouch dife ; enstale plis pase 50 nouvo bouch dife ; epi ranplase/estale 25.000 pye sektè dlo.

- Biwo Jesyon Ijans MDRF te konplete 34 pwojè pou yon total prèske \$44 milyon dola li te resevwa nan men «Local Mitigation Strategy» Konte a, ki se yon plan pro-aktif pou redwi epi elimine risk ki asosye ak danje natirèl epitou ak danje lèzòm kreye.

- Pandan sizyèm Somè Anyèl sou Lidèchip nan zafè Klima nan Sidès Laflorid, lidè yo te eli ansanm ak lidè kominote a te echanje pèspektiv yo sou kouman chanjman klimatik ak ogmantasyon nivo lanmè a enfluyans planifikasyon onivo iben, onivo rejyonal, sou zafè transpòtasyon, ak plan ekonomik. Konte Miami-Dade, Broward, Palm Beach ak Monroe, ansanm ak Enstiti Klima Laflorid («Florida Climate Institute») siyen sa yo rele «Southeast Florida Regional Climate Change Compact» kote yo di yo dakò pou gen plis kolaborasyon ak kominote akademik la epi pou yo fè preparasyon nan kad chanjman klimatik, baze sou dekouvèt syantifik.

- Pou redwi wout yo fè ak ekipman pou ranmase fatra, manadjè sanitasyon yo te enpleman yon lojisyèl ki rele RouteSmart, sa ki te pèmèt yo sere plis pase \$1 milyon dola.

- Yo te fè plis pase 14.000 enspekasyon diferan lokal nan yon efò pou kontwòle popilasyon marengwen an. Anplwaye kontwòl

marengwen te flite preske 200.000 kawo atè ak 227.000 kawo pa è. Estaf la te flite tout yon zòn tou pou anpeche marengwen yo fè lòt epi anpeche chikungunya ak lafyèv deng simaye, nan 138 kote yo te sispèk maladi sa yo prezan.

- Ak kowoperasyon Gwoup Lame Enjenyè Etazini (« U.S. Army Corps of Engineers ») ak Depatman Pwoteksyon Anviwònman an (« Florida Department of Environmental Protection »), yo te ravive anviwon 4.750 pye rivaj lè yo te mete plis pase 230.000 mètr kib sab an miray sid Haulover Inlet ak 96th Street nan Vilaj Bal Harbour.

- Mèt kay rezidansyèl nan Konte Miami-Dade te resevwa plis pase 7.125 pyebwa gratis atravè pwogram Adopt-a-Tree. Depi kòmansman pwogram nan lane 2001, Konte a distribiye plis pase 184.000 pyebwa gratis bay rezidan Konte a, sa ki te fè li tounen pwogram ranplasan pyebwa ki gen plis sikè nan eta a.

- Million Trees Miami, yon inisyativ ki te vize pou ede plante 30 pousan plis pyebwa, ki vle di 1 milyon pyebwa disi 2020, te rasanble \$145.00 kòm don pou li evalye kantite pyebwa ki ekziste deja epi plante plis pase 400 pyebwa nan kominote defavorize yo tankou Little Havana ak Miami Gardens.



ASD vin sove preske 82 pousan chen ak chat — e sa se dezyèm to sovtaj ki pi wo nan eta Laflorid.



TRANSPÒ

Transpò ede moun deplase; li konekte plizyè kote epi kreye opòtinite eknonomik. Konte Miami-Dade kontinye ap fè pi gwo envèstisman nan sistèm transpò pou satisfè bezwen moun ak biznis yo genyen pou yo deplase, Kounyeya epi nan tan kap vini yo. Pwogrè te fèt nan kad pwojè ray Baylink la, ki pral konekte Miami ak Miami Beach, epi nan kad pwojè All Aboard Florida ki pwal mennen-ale pasaje yo ant Miami ak Orlando an mwens ke twazè dtan. Pandan se tan, Ayewopò Entènasyonal Miami te kenbe tèt li kòm yon lidè nan machandiz entènasyonal, epi PortMiami te fè yon gwo pa annavan nan preparasyon li pou ouvèti Kannal Panama.



• Tinèl PortMiami te louvri ete sa a, e nou ka wè deja ki avantaj li pote. Tinèl sa a pa mande peye epi li konekte Pò a avèk MacArthur Causeway ak 395, sa ki amelyore aksè pou antre-sòti nan Pò a pou plis pase 14.000 machin chak jou. Kòm rezilta, wout anba lavil Miami yo bloke mwens.

• Nan yon tèt ansanm ak Miami-Dade Expressway Authority (MDX), Freight Forwarders ak kominote kamyon yo, yo te prezante «MDX Multi-Axle Frequency Discount Policy» ki ofri yon pri pi ba pou machin ki gen yon SunPass valid. Rabè sa a se pou ankouraje chofè kamyon pou yo pran gwo otowout pò a olye pou yo kondui sou wout lokal.

• Gen yon sèvis ray sou waf la ki fin ap mache kòm sadwa nan PortMiami. Nouvo sèvis Pasrèl Sunshine montre efò pò a fè pou l kontinye jwe wòl li kòm pi gwo sant lojistik global ; li pèmèt kontenè kago yo sèvi 70 pousan popilasyon ameriken an, an kat jou ou mwens.

• Otowout Rickenbacker ak Venetian vin gen peyaj elektwonik, sa ki ogmante efikasite epi amelyore sikilasyon. Kounyeya chofè yo itilize SunPass avèk Toll-by-Plate pou peye tarif yo, sa ki redui blokis nan sant peyaj yo.

• Nou te fin repare Pon Rickenbacker West/Bear Cut, nan kad yon pwojè \$34. 57M ki pou te fè pon sa yo sèvi pi lontan epi amelyore sekirite machin, pyeton ak bisiklèt. Reparasyon yo te gen ladan yon nouvo sipè-estrikti pou de pon yo epi kreyasyon de (2) chemen pwoteje 14 pye pou bisiklèt/pyeton, sa ki te koute

apeprè \$8.5 milyon dola. Investisman sa yo fè pati angajman Konte an toujou pran pou asire sekirite moun ki sou bisiklèt avèk sekirite pyeton paske nou tout sou wout la.

• Pami gwo jefò pou amelyore sèvis transpò grasa done dinamik, yo kòmanse sèvi ak lèdarive an tan reyèl pou nèf (9) wout otobis, tankou Route 150—Wout Ayewopò Miami Beach. Nan mwa k ap vini yo, y ap pwal sèvi ak lèdarive an tan reyèl pou wout ki rete yo.

• Transpò Piblik Miami-Dade te fini fè mizajou ekipman kontwòl santral Metrorail pou prepare arive 136 nouvo machin ray. Yo te enstale yon nouvo estasyon traksyon elektrik toupre Palmetto Metrorail, pou opere nouvo machin ray yo.

• Transpò Piblik te genyen premye pri « Bus Safety Awards » Asosyasyon Transpò Piblik Laflorid (« Florida Public Transportation Association ») te prezate. Pandan ane pase, Transpò Piblik te rapòte sèlman twa (3) aksidan sou chak 1 milyon vwayaj, pou plis pase 78 milyon vwayaj pasaje.

• Yo te fini faz final pwojè devlopman tèminal nò Ayewopò Entènasyonal Miami nan mwa mas, sa ki te make fen Pwogram Renovasyon Kapital (« Capital Improvement Program ») èpòt la, ki te koute \$6.5 milya dola, epi kòmansman yon nouvo chapit pou Pasrèl Lèzetazini. Dènye faz nan ayewopò nò a pwal pèmèt pasaje vòl entènasyonal nan Ale D reklame malèt yo imedyatman epi tcheke yo nan vòl koneksyon, grasa kontwa pou tikè ki konekte sou yon sistèm pou bagaj ki konplètman otomatik.

• Kyòs pou kontwòl otomatik paspò (APC) MIA an, ki te konn disponib pou sitwayen ameriken sèlman, te vin pote sèvis bay pasaje 38 peyi ki fè pati Pwogram San Viza (« Visa Waiver Program ») Depatman Deta Ameriken, epitou bay rezidan pèmanan Etazini. Kyòs APC yo redui tan pou moun tann nan a 40 pousan, sa ki pèmèt yo pran ka paspò pasaje yo an mwens ke de (2) minit. Anviwon 35 pousan pasaje entènasyonal sèvi avèk kyòs sa yo.

• Gran pòt dantre otèl MIA an, ki gen 259 chanm, te vin pi bèl, avèk yon zòn admisyon modènize, yon salon ak kafe sushi ki bay sèvis konplè. Yon nouvo televizyon ak ekran plat 70-pous, ke yo te enstale atan pou koup dimond nan mwa jen, te gen anpil siksè bò kote fanatik espò yo ki tap fè eskal byen long.

• MIA te lanse aplikasyon mobil l ofisyèl li a — MIA Airport Official — ki pèmèt pasaje wè ki kote avyon yo ye nan syèl epi jwenn enfòmasyon sou pakin, transpò terès, kote yo ka al manje, sèvis toupre ayewopò a, epi plis toujou, nan lang anglè ak lang panyòl. A dat, gen plis pase 9.000 moun ki telechaje aplikasyon an.

• Konsèy Komisyonè Konte (Board of County Commissioners) apwouve Program Anbasadè Taksi (« Ambassador Cab Program »), ki te mande pou nenpòt ki chofè taksi ki gen pèmi pou vin pran pasaje respekte senten nòm teknoloji : yo mande paregzanp pou yo asepte kat kredi epi pou yo gen yon sistèm pozisyonman

global. Konsèy la fè lòt egzijans ankò : li mande pou yo louvri pòt pou pasaje yo epi pou yo ede yo monte/desann malèt yo nan machin nan.

• Yo te kòmanse planifikasyon The Underline, yon plenn 10 kilomèt ki pa sèvi anyen anba Metrorail, sòti Dadeland South rive Miami River. Yo pwal transfòme plenn sa a, pou fè l tounen yon pak lineyè senbolik epi yon santye iben mondyal kap konekte direktteman ak sistèm transpò a. Y ap kòmanse bati an 2016.



Tinèl PortMiami te louvri an ete 2014, sa ki amelyore aksè pou antre-sòti nan Pò a pou plis pase 14.000 machin chak jou.



DETANT & KILTI

Espak piblik pi pèmèt moun mache - pak, jaden, bibliyotèk, teyat, ak mize - anrichi lavi rezidan ak vizitè epi reprezante yon fyète pou kominote a. Konte Miami-Dade sipèvize 260 pak ak 48 bibliyotèk epi li jere plizyè nan plaj ak marina nou renmen anpil yo. Nou investi nan gwo pwogram kiltirèl ki ankadre dirèkteman òganizasyon kiltirèl epi pwomouvwa bèl sèn atistik vibran nou yo ; nou ofri anpil opòtinite pou fanmi ak timoun, ki vin fyè de kominote nou, epi nou atire komès ak touris.



• Depatman Afè Kiltirèl Miami-Dade ap resevwa ankò yon don anyèl nan men Children's Trust, sa ki va pèmèt plis pase 197.000 timoun ak fanmi tire benefis aktivite atistik.

• Gid gratis « Going to the Museum », ki pèmèt jèn ki gen andikap oswa ki pa gen andikap, fè yon bòn esperyans pou premye fwa nan yon mize, te pran yo pri ki rele « NACo Achievement Award ». Ou kapab telechaje gid sa a sou sitwèb Depatman an.

• African Heritage Cultural Arts Center te jwenn \$75.000 nan men 2014 Knight Arts Challenge pou « Sankofa: Looking Back, Going Forward », yon seri evènman, pèfòmans, ak atelye edikasyon nan ane a, ki te selebre kat dizèn ane reyalyasyon atistik ; li te met chapo ba pou elèv, atis ak lidè kominote yo ki resevwa fòmasyon nan sant la nan Liberty City.

• Culture Shock Miami, yon pwogram sou entènèt ki ofri elèv 13 a 22 an daj pri redwi pou aktivite atistik, te vann 10.382 tikè, sa ki reprezante yon ogmantasyon 38 pousan parapò ak lane anvan sa. A dat, pwogram nan, ki ofri tikè \$5 pou aktivite atistik, vann plis pase 46.000 tikè bay elèv lekòl segondè ak etidyan kolèj (www.cultureshockmiami.com).

• Mize Pérez Art nan Miami, ki gen renome entènasyonal, vin gen ennan depi l sou pye. Li te gen plis vizitè pase sa yo te atann epi li te prezante egzibisyon ak pwogram moun te renmen.

• Konstriksyon « Frost Museum of Science » kontinye ap fè pwogrè. Nou vin rive nan yon faz eksitan ki se « tank vid » pou akwaryòm « Living Core » epi yo kòmanse travay sou planetaryòm nan.

• Sistèm Bibliyotèk Piblik Miami-Dade (« Miami-Dade Public Library System » oswa MDPLS) te pran konsèy nan men « Blue Ribbon Task Force » Majistra a, epi li te enplemanje plizyè resous dijital popilè, tankou titora endividyèl sou entènèt, sinema sou entènèt epi sinema ou ka telechaje, epitou enpresyon mobil, sa ki pèmèt rezidan yo enprime nan bibliyotèk la apati yon gadjèt ki konekte ak entènèt. Anplis de sa, MDPLS te ouvri pou pi lontan ; li menm te gen wit (8) lokal rejyonal ki te ouvri ledimanch.

• MDPLS te akeyi plis pase 240.000 manb kominote a pou yon varyete aktivite ak pwogram, tankou klas pwogramasyon konpitè pou timoun, robotik pou tinedjè, la iben ak pwogram alfabetizasyon pou tout moun, epi opòtinite aprantisaj pou lavi pou ti granmoun.

• Depatman Pak, Rekreyasyon ak Espas Lib ap ede nouvo jenerasyon an adopte atitid ki bon pou lasante. Fit2Play, yon pwogram apre lekòl ki fèt nan tèt ansanm ak Lekòl Medsin Miller nan University of Miami, ede timoun konbat obezite ; pou sa, li fè fòm fizik tounen yon aktivite ki amizan epi aksesib. Gen gwo journal sou lasante ki te pibliye atik ki prezante avantaj pwogram nan bay.

• HistoryMiami etann ni nan batiman ki sou kote a, nan Sant Kiltirèl anba lavil la, apre Miami Art Museum te deplase. Sa te ogmante a 133 pousan espas HistoyMiami genyen pou li fè pwogram pou piblik la, epi sa te pèmèt yo prezante plizyè egzibisyon an menm tan. Youn nan pi bèl pwogram mize a te ofri se egzibisyon Smithsonian nan, Gou Ameriken : Latino nan Mizik Popilè Etazini (« American Sabor: Latinos in U.S. Popular Music ») epitou Medanm, Mesyè : Men Beatles (« Ladies and Gentlemen...The Beatles »).

• Grasa soutyen fon GOB « Building Better Communities », Fairchild Tropical Botanic Garden te louvri nouvo sant da Adam R. Rose and Peter R. McQuillan Arts Center. Naomi Fisher te fè desen plant sou fasad bildin nan, epi se pwogram Art in Public Places ki te peye pou zèv la. « Chihuly at Fairchild: A Garden of Glass » se pi gwo egzibisyon atis Dale Chihuly janm fè jiska prezan.

• Ane sa a, Zoo Miami te fè yon egzibisyon ki te popilè anpil : « Florida Mission Everglades. » Li te mete aksan sou plant ak zannimo inik Laflorid, espesyalman Pak Nasyonal Everglades. Faz 1 ap louvri annotòn 2015 epi Faz 2 an 2016.

• Pwogram « Artist in Residence » nan Deering Estate nan Cutler resevwa lajan nan men National Endowment for the Arts ; li eksplòre relasyon entegre ant moun ak anviwònman an. Li gen ladan plis pase 100 zèv ; li prezante 27 atis literè, 61 atis vizyèl, epi 122 atis pou lasèn. Sa te enkli yon dans nan dlo yo te prezante nan apeprè 100 vil ak nan enstitisyon atravè nasyon an.

• Lè li ofri pwogram ak egzibisyon ki inovatè epi ki bay enfòmasyon, Vizcaya Museum and Gardens fè moun gen yon eksperyans ki enpòtan; plis pase 213.000 vizitè, pami lèkèl prèske 13.000 timoun, 12 zan ou mwens, te vin vizite.

• Plis pase 4.500 elèv te patisipe nan vizit tematik Bildin Prensipal ak jaden Vizcaya Museum and Gardens. Tabli istorik Vizcaya ansanm ak bijou kiltirèl li yo te enterese elèv ki te reflechi sou yon seri gwo keksyon ki te ede yo panse ; yo te panche sou divès kalite tèm sou limanite.

• Vizcaya Museum and Gardens kontinye ap amelyore ak restore resous natirèl ak jaden fòmèl li yo, ki pami pi gwo egzanp konsepsyon jaden ak achitekti ewopeyen Ozetazini.



MDPLS te akeyi plis pase 240.000 manb kominote a pou yon varyete aktivite ak pwogram, tankou klas pwogramasyon konpitè pou timoun, robotik pou tinedjè, la iben ak pwogram alfabetizasyon pou tout moun, epi opòtinite aprantisaj pou lavi pou ti granmoun.



GOUVÈNMAN JENERAL

Pou pwemye fwa nan yon dekad, previzyon finansye pou senk an balanse epi enkli kontribisyon pou rezèv dijans (« Emergency Contingency Reserve »). Bidjè pou ane fiskal 2014-15 pa itilize revni yon sèl jou pou sipòte operasyon ki fèt san rete, sa ki montre yon estabilite finansyè. Konte a prevwa ke disi ane fiskal 2018-19, rezèv yo va reprezante 6.3 pousan Fon Jeneral bidjè a, ki se yon bon bagay an tèm de pi bon nòm pratik. Estrateji konsolidasyon ak estrateji pou evite depanse twòp ap ede konte a jere bidjè li byen pou chak ane fiskal.



- Konte Miami-Dade te youn nan sèt òganizasyon gouvènman nan nasyon yo te chwazi pou yon bous « Code for America. » Konte Miami-Dade se premye pwovens tou nan Laflorid ki asosye avèk òganizasyon ki pa-pou-pwofi sa a. Pwogram sa a, ki dire yon ane, ajoute twa espesyalis teknoloji pami estaf Konte a pou devlope aplikasyon sou entènèt, favorize nouvel apwòch pou rezoud pwoblèm epi regle pwoblèm an rapò ap devlopman ekonomik ak angajman kominotè.
- Nan deseni depi votè yo te apwouve \$2.9 milya dola « Building Better Communities General Obligation Bond », yo te kòmanse travay sou plis pase 1.200 pwojè epi yo fini apepwè 1.000 ladan.
- Sant Enfòmasyon 311 (311 Answer Center) te reponn 2 milyon apèl ane sa a, atravè tout sèvis Konte a. Yo estime 85 pousan demann sa yo te rezoud depi sou premye apèl. Anplis de sa, ajan Sant Repons 311 yo te jenere plis pase 289.000 demann sèvis; yo te voye demann sa yo bay divès departman ki pou te pran ka yo.
- Nou te sèvi plis pase 38.000 kliyan, an pèsòn epi atravè lib-sèvis Sant Sèvis 311 nan twa lokal enpòtan nan Konte a. Nou te distribye plis pase 7.700 Paspò Dore/Patriyòt epi nou te vann plis pase 10.000 pèmi pakin pou pousèt timoun nan lokal sa yo.
- Konte Miami-Dade te resevwa twa Prix MarCom an 2014 pou efò li fè pou edikasyon piblik; efò sa yo se estaf Konte a ki te fè yo. Magazin 305biz te resevwa meday dò nan kategori Gouvènman an, kanpay « Miami Alive » te resevwa meday dò nan kategori

- Maketin epikanpay «Time for An Upgrade» te resevwa meday platinòm nan kategori Gouvènman.
- Konte Miami-Dade akeri yon platfòm pou jesyon medya sosyal pou kominike pi byen avèk piblik la epi amelyore reyaktivite. Anplis de sa, Konte a lanse yon sant medya sosyal ki bay lis tout kont rezò sosyal Konte a yon sèl kote sou entènèt la, ki fasil pou jwenn. Yo te lanse Sant Aplikasyon Mobil (« Mobile Application Center ») pa twò lontan apre, pou bay piblik la yon fason fasil pou jwenn aksè a tout aplikasyon Konte a ki bon pou aparèy mobil.
- Departman Enfòmasyon ak Kontak Kominotè ak Biwo Espè Pwopriyete met tèt ansanm pou reyòganize aplikasyon pou Rechèch Pwopriyete (« Property Search »). Yo te reyòganize teknoloji debaz ak eksperyans itilizatè yo pou pote bon jan enfòmasyon bay rezidan ak biznis yo nan yon fòm ki apwopriye pou aparayèy mobil. Aplikasyon Rechèch Pwopriyete se paj yo vizite pi plis sou sit Konte Miami-Dade, miamidade.gov.
- Seksyon « Office Credit and Collection » Pèseptè Taks la resevwa plis pase 95.000 kont ki an reta, epi li te jwenn apepwè \$10 milyon dola.
- Priyorite 2014 se te asire votè Miami-Dade yo te gen aksè imedyat a diferan opsyon pou vote, ki rapid epi pratik. Nan bi sa a, nan yon tèt kole avèk Gwoup Konseye pou Eleksyon (« Elections Advisory Group ») Majistra a, ansanm ak Konsèy Komisyonè Konte a, Departman Eleksyon an fè renovasyon

- teknolojik ak administratif ki te vrèman nesès; sa te lakòz yon vòt efikas epi bon jan kowòdinasyon eleksyon nan tout konte a, ansanm ak 27 eleksyon federal, leta ak lokal — plis pase tout lòt eta nan Laflorid.
- Estaf eleksyon yo te reyisi jere 585.000 demann pou bilten absanteyis, 300.000 bilten absanteyis, epi 113.000 aplikasyon pou enskripsyon elektè. Yo te fòme plis pase 25.000 anplwaye pou skriten yo, epi 4.000 ladan yo te resevwa fòmasyon pou jere nouvo liv skriten elektwonik yo.
- Yon nouvel konsepsyon pou plan swen sante Konte a te pèmèt sere plis pase \$26 milyon dola. Anplis de sa, plis pase mwatye anplwaye Konte a, ki gen asirans pou depandan, ap sere 20 pousan sou prim yo grasa yon nouvo opsyon ki disponib avèk nouvel konsepsyon sa a.
- Konsolidasyon Anplwaye ak Estaf IT yo ap kontinye, sa ki pèmèt Konte a ogmante volim akizisyon li pou jwenn pi bon pri epi pi byen itilize estaf sipò yo, pou redui depans pou tout bagay mache. A dat, nou sere yon total \$4.9 milyon dola, epi gen yon depans \$1.76 milyon dola nou evite fè.
- Konte Miami-Dade te pèmèt jesyon plis pase \$1 milya dola pou peman sou entènèt piblik la fè, sa ki reprezante yon ogmantasyon 23 pousan pou zafè peman elektwonik parapò a ane anvan an.

- Departman Sèvis Entèn kontinye ap demenaje biwo Konte a, sòti nan lespas prive yo lwe ale nan biwo vid Konte a genyen. Depi ane fiskal 2011-12, Konte a sere \$745.000. Anplis de sa, Departman an te vann pwopriyete anplis pou \$2.5 milyon dola, sa ki te pèmèt diminye lajan Konte a depanse pou antretyen, epi yon ogmantasyon kantite pwopriyete ki nan liv taks yo.
- Yo te lanse « Online Vendor Portal » ki otomatize yon pwosedi ki te konn fèt alamen, epi ki fè l vin pi fasil pou vandè yo fè biznis ak Konte a. Sou Pòtay sa a, vandè Konte a kapab enskri pou yo fè biznis a Konte a sou entènèt epi resevwa avètisman solisitasyon ki gen pou wè ak biznis yo genyen an.
- Yo te alwe plis pase \$1 milyon dola grasa « Mom and Pop Small Business Grant Program » ki trete 617 demann peman epi asiste 436 ti biznis lokal li te finanse ane sa a.
- Konte Miami-Dade kontinye ap ofri yon opsyon pou kontribyab yo peye bil yo pa telefòn avèk èd ajan Sant Respons 311 yo. Yo te trete plis pase 2.600 peman, pou yo total \$8 milyon dola, yon ogmantasyon 55 pousan.



Nan deseni depi votè yo te apwouve \$2.9 milya dola « Building Better Communities General Obligation Bond », yo te kòmanse travay sou plis pase 1.200 pwojè epi yo fini apepwè 1.000 ladan.



DEPATMAN KONTE A

Biwo Majistra
Carlos A. Gimenez
Stephen P. Clark Center
111 N.W. 1st Street, Suite 2910, Miami, Florida 33128
Telefòn: 305-375-5071

Sèvis Zannimo

7401 N.W. 74th Street, Miami, FL 33166
Telefòn: 305-884-1101

Odit ak Sèvis Jesyon Administratif

701 NW 1st Court, 8th Floor, Miami, FL 33128
Telefòn: 786-469-5900

Aviyasyon (Ayewopò Entènasyonal Miami)

5200 N.W. 21st Street, Miami, FL 33122
MIA Info Line: 305-876-7000

Aksyon Kominotè ak Byennèt Sosyal

701 NW 1st Court, 10th Floor, Miami, Florida 33136
Telefòn: 786-469-4600

Enfòmasyon ak Kontak Kominotè

111 N.W. 1st Street, 25th floor, Miami, FL 33128
Call: 311 (305-468-5900)

Koreksyon ak Reyabilitasyon

2525 N.W. 62nd Street, Miami, FL 33147
Telefòn: 786-263-6000

Afè Kiltirèl

111 NW 1st Street, Suite 625, Miami, FL 33128
Telefòn: 305-375-4634

Eleksyon

2700 N.W. 87th Ave., Miami, FL, 33172
Telefòn: 305-499-VOTE (8683)

Finans

111 N.W. 1st Street, 26th floor, Miami, FL 33128
Telefòn: 305-375-5080

Ponpye ak Sekou

9300 N.W. 41st Street, Miami, FL 33178
Telefòn: 786-331-5000

Teknoloji Enfòmasyon

5680 S.W. 87th Ave, Miami, FL 33173
Telefòn: 305-596-8200

Sèvis Entèn

111 NW 1st Street, Suite 2130, Miami, FL 33128
(305) 375-2363

Sèvis Enfraksyon Jivenil

275 N.W. 2nd Street, Miami, FL 33128
Telefòn: 305-755-6202

Sistèm Bibliyotèk Piblik Miami-Dade

Bibliyotèk Prensipal
101 W. Flagler Street, Miami, FL 33130
Telefòn: 305-375-2665

Jesyon Administratif ak Bidjè

111 N.W. 1st Street, 22nd floor, Miami, FL 33128
Telefòn: 305-375-5143

Medsen Lejis

1 Bob Hope Road, Miami, FL 33136
Telefòn: 305-545-2400

Pak, Rekreyasyon, ak Espas Lib

275 N.W. 2nd Street, Miami, FL 33128
Telefòn: 305-755-7800

Polis Miami-Dade

9105 N.W. 25th Street, Doral, FL 33172
Telefòn: 305-4-POLICE (Non-emergencies)

Lojman Piblik ak Devlopman Kominotè

701 N.W. 1st Court, Miami, FL 33136
Telefòn: 786-469-4100

Travo Piblik ak Sanitasyon

Travo Piblik
111 N.W. 1st Street, 16th floor, Miami, FL 33128
Telefòn: 305-375-2960

Sanitasyon

2525 NW 62nd Street, 5th Floor, Miami, FL 33147
Telefòn: 305-514-6627

Resous Reglemantè ak Ekonomik

11805 SW 26 Street, Miami, FL 33175
Telefòn: 786-315-2000

PortMiami

1015 N. America Way, 2nd Floor, Miami, FL 33132
Telefòn: 305-371-7678

Transpò Piblik Miami-Dade

701 N.W. 1st Court, Suite 1700, Miami, FL 33136
Telefòn: 786-469-5675

Dlo Potab ak Egou

3071 S.W. 38th Avenue, Miami, FL 33146
Telefòn: 305-665-7477

Konte Miami-Dade Majistra ak Asanble Komisyonè Konte



Carlos A. Gimenez
Majistra



Jean Monestime
Prezidan
Distrik 2



Esteban Bovo, Jr.
Vis Prezidan
Distrik 13



Barbara J. Jordan
Distrik 1



Audrey M. Edmonson
Distrik 3



Sally A. Heyman
Distrik 4



Bruno A. Barreiro
Distrik 5




Rebeca Sosa
Distrik 6



Xavier L. Suarez
Distrik 7



Daniella Levine Cava
Distrik 8



Dennis C. Moss
Distrik 9



Sen. Javier D. Souto
Distrik 10



Juan C. Zapata
Distrik 11



José "Pepe" Díaz
Distrik 12



Harvey Ruvin
Grefye Tribinal yo



Pedro J. Garcia
Evalyatè Pwopriyete



Robert A. Cuevas, Jr.
Avoka Konte

miamidade.gov

Sant Repons 3-1-1 ofri yon manyè ki rapid, senp, epi pratik pou rezidan jwenn enfòmasyon sou sèvis gouvènman lokal. Lè yo rele 3-1-1, rezidan yo jwenn sèvis kliyantèl endividalize an anglè, panyòl, oswa kreyòl.
Si ou pa anedan Konte Miami-Dade, rele 305-468-5900 oswa 1-888-311-DADE (3233).

